



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Magozwe

✎ Lesley Koyi

👤 Wiehan de Jager

📄 ACE Haiti-University of Notre Dame USA




This work is licensed under a Creative Commons

[Attribution 4.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/4.0)

<https://creativecommons.org/licenses/by/4.0>



Magozwe



✎ Lesley Koyi

👤 Wiehan de Jager

📄 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

|| 5

🗣️ [kréyol ayisyen](#) [ht](#)



Nan yon gwo vil Nairobi, yon gwoup ti gason tap dòmi nan lari a. Yo pate gen kay. Yo pran chak jou jan li vini a. Yon maten, ti gason yo tap roule mat yo apre yo te fin dòmi atè nan fè frèt la. Pou yo chofe kò yo yo te limen yon dife ak fatra. Pami gwoup ti gason sa yo te gen yon yo te rele Magozwe. Se li ki te pi piti a.



Lè paran Magozwe mouri, li te gen sèlman
senkan. Li tal viv ak tonton li men mesye sa
a pat okipe'l menm. Li pat bay Magozwe
ase manje. Li fè ti gason an trayay di anpil.




Lè paran Magozwe mouri, li te gen sèlman senkan. Li tal viv ak tonton li men mesye sa a pat okipe'l menm. Li pat bay Magozwe ase manje. Li fè ti gason an travay di anpil.



Magozwe te chita nan lakou kay vèt la enpi li tap li yon liv istwa lekòl la. Toma vin wè li, li te chita bò kote l. "Kisa istwa sa ye la?" Toma mande li "Se istwa yon ti gason ki tounen yon pwofesè," Magozwe reponn. "Ki non ti gason sa a?" Toma mande li. "Non li se Magozwe," li reponn ak yon souri.



Lavi nan lari a te difisil anpil paske ti gason yo pase pifò nan tan yo ap chache manje chak jou. Kèk fwa yo arete yo oswa yo bat yo. Lè yo te malad yo pat jwenn moun pou ede yo. Gwoup lan te viv ak ti lajan yo te ba yo kòm charite ak nan vann plastik ak kalite bagay pou resiklaj. Lavi a te pi difisil toujou akòz goumen nan gwoup rival ki te vle kontwole kèk pati nan vil la.



Magozwe kòmpanse lekòl men sa te difisil anpil. Li te gen anpil bagay pou li ratrape. Patwa li pa te vle rete men li vin sonje istwa pilot la ak jwè foubòl la. Li fè tankou yo, li kenbe fò.



Yon jou pandan ke Magozwe tap chache manje nan poubèl lari a, li jwenn yon vye liv istwa. Li retire salte sou liv la enpi li mete liv la nan valiz li. Chak jou apre sa a li pran ti liv lan pou'l gade foto yo. Li pat konn li.



Se konsa, Magozwe al rete nan yon kay ak twa vèt la. Li pataje chanm li ak de lòt ti gason. Te gen antotal dis timoun ansanm ak tant Cissy ak mari li, twa chen, yon chat, ak yon kabrit granmoun ki te rete nan kay sa a.





Foto yo te rakonte istwa yon ti gason ki te grandi enpi ki te tounen yon pilòt. Magozwe te konn rete lap reve ke li tou se te yon pilòt. Patwa, li te kwè ke se istwa li ki liv lan tap rakonte.



Li te pataje lapèrez li yo ak Toma. Apre yon tan, Toma vin asire ti gason an ke lavi li tap miyò nan kote sa a.



Te fè frèt anpil yon jou men Magozwe rete kanpe sou bò wout la lap mande charite. Yon nonm vin kote li. “Alo, mwen se Toma.” “Mwen travay tou pre isit la, yon kote ou kapab jwenn bagay pou w manje”. Li lonje dwèt li sou yon kay jòn ak twa ble. “Mwen ta vle ke ou ale chache yon ti manje la?” li di li. Magozwe gade mesye a, li gade kay la enpi li reponn “Petèt”. Magozwe kontinye wout li.



Magozwe reflechi sou kote sa a, ak sou lekòl la. Li di tèt li « si tonton’m te gen rezon lè li di’m ke mwen twò bèt pou’m aprann yon bagay? Si yo kale li nan kote sa a? Li te pè. “Petèt li miyò pou li si li rete vivan nan lari a”.




Pandan kék mwa, ti gason yo vin abitye wè
Toma nan zònn nan. Li te renmen pale ak
moun, sitou ak moun ki viv nan katye an.
Toma koute istwa lavi moun yo. Li te serye
ak pasyan, li pa janm maleve ni
derespektan. Kèk nan ti gason yo te
kòmanse ale nan kay jòn ak ble a pou
manje nan mitan jounen an.



Lè Magozwe gen dizan, Toma ba li yon lòt
liv istwa. Se te istwa yon ti gason nan yon
vilaj ki te vin yon gwo jwè foubòl popilè.
Toma li istwa a pou Magozwe anpil fwa, li
di li, "Mwen kwè ke li lè li tan pou w ale
lekòl pou w aprann li. Kisa ou panse »
Toma eksplike li te li konnen yon kote kote
timoun ka rete enpi ale lekòl.



Magozwe te chita sou twotwa a lap gade foto nan liv la lè Toma vin chita bò kote li. “Kisa istwa sa ye?” li mande Magozwe. “Se istwa yon ti gason ki tounen yon pilòt,” Magozwe reponn. “Kijan ti gason sa a rele?” Toma mande “Mwen pa konnen, mwen pa konn li,” Magozwe reponn byen ba.



Magozwe kòmanse rakonte pwòp istwa li bay Toma. Li pale de tonton li, li rakonte poukisa li te sove. Toma pat pale anpil, li pa di Magozwe kisa pou'l fè men li toujou koute ak anpil atansyon. Pafwa yo te konn pale pandan yo tap manje nan kay ak do ble a.